

# Lèt pou lafanmi


Chè elèv ak fanmi elèv la,

Nan pwochen semenn yo, nou pral etidye plizyè sitiyasyon nouvo ki gen rapò ak pwobabilite. Pou kalkile pwobabilite ki genyen pou yon bagay rive, toudabò fò w jwenn tout rezilta ki *posib* yo. Pa egzanp, si wap pran blòk nan yon sak ki gen 3 blòk ble, 2 blòk vèt, ak 5 blòk blan, gen 10 rezilta ki posib : 10 blòk yo. Pwobabilite a pou pran yon blòk vèt se rapò kantite blòk vèt yo, 2, sou kantite rezilta posib yo :  $\frac{2}{10}$ .

Klas nou an ap konsidere sitiyasyon pi konplike titalè. Pa egzanp, imajine ou retire yon blòk epi ou kenbe li, epi apre soti yon lòt blòk. Nou pral aprann kijan pou nou kalkile pwobabilite tankou pwobabilite pou retire yon blòk vèt an premye epi yon blòk ble an dezyèm, e pou n ka fè sa, nou pral itilize yon metòd yo rele *konbinatwa* – nan metòd sa a nou gen pou jwenn konbinezon atik ki posib yo. Youn nan metòd sa yo se itilizasyon yon dyagram pyebwa a, tankou sa ki anba la a, pou anrejistre tout 10 premye yo retire anvan yo, epi pou chak premye yo retire, 9 pwochen posibilite ki genyen pou yo retire yo. Dyagram sa a montre branch ki gen nan yon dyagram pyebwa lè vèt se rezilta premye sa yo retire a :

Premye blòk yo retire a

Dezyèm blòk yo  
ka retire a



Nan fen chapit sa a, nap aplike sa nou aprann pou nou analize egalite ak pwobabilite jwèt konplike, tankou konpetisyon espò ak lotri leta. Nap reponn kesyon tankou kesyon sa yo :

- Ki chans ki genyen pou gen premye lo nan nenpòt nan plizyè lotri ki genyen yo ?
- Èske gen yon ekip ki gen plis chans akozde estrikti patikilye yon tounwa ?
- Ki estrikti tounwa ki pi jis nan yon sitiyasyon kèlkonk ?

**Vokabilè** Gen yon sèl nouvo tèm vokabilè ki nan chapit sa a – *inivè posibilite*. Nap jwenn inivè posibilite a pou detèminen pwobabilite plizyè evenman.

## Kisa w ka fè lakay ?

Pandan pwochen semenn yo, elèv ou an ka montre li enterese nan sijè pwobabilite a. Ou ka ede l reflechi sou reprezantasyon toulejou sou sijè sa a tankou lotri yo, oubyen ou ka jwe yon jwèt ak elèv ou an ki itilize zo oubyen tablo woulèt ak pwobabilite.